

CORONAVÍRUS

Aksyon pou nou anpeche viris la kontinye enfekte plis moun
Meyè fason pou nou anpeche viris la fè plis viktim se suiv tout prevansyon yo.
E kisa prevansyon yo ye :

- Si gen yon moun ki prezante sentom maladi a tankou: lafyè, tous, pwoblèm pou respire, kò fè mal ak tèt fè mal , moun sa dwe chèche yon pòs sante, sa yo rele "Unidade básica de saúde" , nou pa bezwen ale lopital. Nan pòs sante yo, n ap jwenn enfimyè ki ap toujou la pou resevwa nou e fè suivi yo e si sa nesesè, y ap fè nou konnen ki medikaman pou nou pran.Si nou pa konnen ki kote pou nou jwenn pòs sante sa yo, nou mèl rele nan nimewo sa "136" ke ministè lasante mete disponib pou nou, y ap ede w jwenn sa ki pi pre lakay ou a.
 - Se selman pasyan ki pi grav yo ke y ap voye nan ijans oubyen lopital.
 - Sentom Kowona viris yo sanble ak lè ou gen grip, e moun ki trape maladi a men ki pa grav yo, yo rekòmande pou yo rete izole lakay yo pandan responsab sante yo ap suiv evolisyon maladi a epi di yo kisa pou yo fè.
 - Tigranmoun ak moun ki gen maladi kwonik tankou sik, tansyon, pwoblèm nan kè, dwe evite ale nan rasanbleman kote ki fèmen oubyen kote ki gen anpil anpil moun.
 - Pran distans ak moun ke ou wè ki malad, sitou si se grip moun sa genyen.
 - TOUJOU LAVE MEN W, ak dlo ak savon oubyen alkòl jèl (Hand sanitizer).
 - EVITE MANYEN JE W, NEN W, ak BOUCH OU.
 - Si w ap touse oubyen estène, kouvri bouch ou nan koud bra w oubyen fè sa nan yon papye ijyenik, epi touswit aprè , jete papye a.
 - Pran distans ak zannimo ki sovaj yo oubyen sa ki malad yo.
 - Pa kite timoun piti ak adolesan ki gen mwens ke 14 lane gen kontak pandan anpil tan ak granmoun ki gen plis pase 65 lane.
 - Pa ale kote ki gen anpil moun tankou plaj ak fèt.
- Suiv konsèy otorite kote w rete a
Pa janm bliye,RETE ANNDAN LAKAY OU epi LAVE MEN W
Tradiksyon :

Ruth Anastazia Tattegrain,Ayisyèn.

Estajyè nan Sekretarya Deta pou Devlopman Sosyal/ Direksyon Dwa Moun.

Etidyan nan Relasyon entènasyonal nan UFSC (Universidade Federal De Santa Catarina)